Іэнатіэм гулъытэшхуэ щыхуащІ псоми я кьалэнхэр яГъэзэнІэным, Іэпэдгъэлэн кьэмыгъэхъуным, дэжьаКІуэхэм я теплъэр зэІуэпэщу щытыным. Иджы Кьэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм щолажъэ зи Іэщ1агъэм фІыуэ хэзыщІыкІ, зи ныбжькІэ зэщІыкІ, зи ныбжькІэ щІалэ икІи куэдкІэ зэщІыгуГъхьуу зи юбилейр иджы дыдэ зыгъэлъэпІа Деваев Рэмзан дяпэкІи зыпэрыт лэжьыгъэм екьулІэныгъэшхуэ хэлъыщІыну, узынщагъэ быдэ иІэну.

МЫШКЪЫШ Т Іатіэ.

Щэхъуэбгъэрэ гъуэздкэмрэ

Псы щыІум щес къыпфІощІ

***Венеие кьалэ цІэрыІуэм и цІэр зезыхьэ псы дэлъэдапІэм и толькьунэхэм тету фэеплъ къызэрымыкІуэ кьызэуахащ. Вергилиф Данте я к скулптурэхэр зэрыт мывэ кхъуафэжькІэр зыщІар Москва щыщ скульптор Фангулян Георгийщ.**

ПАСЭРЕЙ ускакІуэ щэджащэхэм я кхъуафэжькІэр Сан-Мигеле хыпІыгу цыкІум хуэзанщІэу яГъэуващ, абыкІэ и Іэр ещІ Вергилий и скульптурэм. Фангулян и Іэрыкіыр зытеухуар Данте и «Божественная комедия» поэмэм щыщ пычыгъэ у ускакІуэм Ахерос псым зэрыІэпрыкІа теплъэгъуэрщ. Понтонхэм тепскульптурэхэр псы дэлъэдапІэм и сыт хуэдэ лъэныкъуэмкІи щыболЫагъу икІи ахэр пщІэ зэрыпсыпхэр пыІум щес кьыпфІощ. Ар Фангулян Георгий и хьэтщ. Абы мывэм кьихущІыкІа композициэхэр нэхъри дахэ зыщІэхэм ящыщщ щхьэуари, уафэ кьащхьэурэ, псы толькьунэхэри, уэгум ит хы тхьэрыкъуэхэри, пшэ хужьхэри.

Ротару Софие и зэфІэкІ

***Щыщхьэ1ум и 7-м кьыщалъхуа махуэр игъэлъэпІащ СССР-м, Украинэм, Молдовэм я щыхуэф артисткэ Ротару Софие. Абы сцен щыщІэдзауэ ирагъэжьа 400-м щІигъу, абыхэм ящыщщ и юбилей концертым щыІуэхэри.**

РОТАРУ Софие и махуэр зэІуэкІыжъ щигъэльэпІащ Ливадий уиэ щІэрыІум и пэш Хужьым. Абы пэжыжьэкъым уэрэджьыкІыкІуэм и унэри - илъэс щыжбжанэ хьуауэ ар Ялтэ пэгъунэгъуу щопсэ у.

Щыхуэм фІыуэ я лъэгъуа «Червона рута», «Лаванда», «Луна, луна», «Я люблю тебя, Россия», «Белый танец», нэгъуэщІ уэрэд куэд зыгъэзащІэ, «Червона рута», «Душа» фильмхэм щыджэгуа уэрэдхэрщ я зэрыкІуэм пщэдджыдхэм жьыгъэ щІадзэри и ныбжьэгъуэхэм, и уэрэд жьыжІэм дихьэхъуэм уда гъэгъаэр хуахьащ. Езыми, зэрихабзэу, кьыщІэкІри кьызэхуэсахэм фІыщІэ яхуищащ.

Цыхуэшхуэ кьызэхуэшэс

***Эдинбург (Шотландиеу) кьалэм мы махуэхэм кьыщызэІуахащ дзэ оркестрхэм я фестиваль. Урысейм кьыбгъэдэкІыу Шотландием зы зыкьыщагъэльэгъуэнущ дзэ дирижерхэм я институтым и курсантхэм.**

ЭДИНБУРГ дзэ фестивалыр ящІэ дыдэу 1950 гъэм екІуэкІауэ щытащ. Абы щыгъуэ зэхэсыгъэм хэтар гупІ 8 къудамэ. ГущІэм ар программэщхуэ кьызэщІэзыубыдэ, дуней псом щызэрыІуэ Іуэхугъуэщ, зэрекІуэкІри пащтыкъ унагъуэм и нэІэм щІэтущ.

Ильэс кьэс абы хэтщ цыхуэ миным щІигъу, фестивальр ирагъэкІуэкІын зэрыщІадзэрэ хъщІэ мелуан 12-м щІигъу кьрихьэлІащ, телевизоркІэ абы и лэжьыгъэм кІэлъыплъахэм я бжьыгъэ мелуани 100-м нос.

Урысейм и цыхуэ ву Великобританием япэу зи зэфІэкІыр щызыгъэлъэгъуэнхуэр абы кьыкІэлъыкІуэу хэтынущ «Кремль пшэпІ» дунейпсо дзэ фестивалым, фокІадэм и 13-16 махуэхэм екІуэкІынум.

Урысейм и цыхуэхэмрэ хамэ кьэралхэм кьыкІа хьэщІэхэмрэ махуэплІкІэ зрагъэлъагъуфынущ дзэ оркестр нэхъыфІхэм я зэфІэкІхэр.

Зыгъэхьэзырар

ИСТЕПАН Залинэщ.

● КъБР-м и МВД-м къет

Бзаджэщ1эхэр кьягъэхъуэ

Щыщхьэ1ум и 9 жащым сыхьэт 23-рэ дакьикъэ 30-м Іуащхьэмахуэ куей ОВД-м и лэжьакІуитІ зэрыса уней автомашинэм Іэщэкіэ щеуащ. Хабзэхъумэхэм зыри кьащІащІакъым. Автомашинэм сэхьат мащІэ игъэтащ.

Щэпхъаджагъэр зи Іэдакъэщ1экІэр кьалтыкъуэ.

КъБР-м и щІэныгъэ и МВД-м щыщ цыхуэхэм захуэгъаззэ кьэхъуам щыІэ, ныбжьыкІэ ящІэ, ныбжьыкІэ хъыбар евгъэщІэну: Налшык кьалэм 40-49-10, Іуащхьмахуэ районым: 4-26-01 е 02. Хъыбар кьезыгъэщІар хэтми хэІущІыу ящІынукъым.

Къэрал кІуэу Іуэхуэхэмкіэ министерствэ КъБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1анІэ.

Спортым и щІэныгъэ

«Спартак-Налшыкым» нэхъ щэнфІэ яхэткъым

ЕкІуэкІа джэгуГуэ 19-м я ужькІэ «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм нэхърэ нэхъ щэнфІэ премьер-лигэм хэтыкьым. Абы щыхьэт токъуэ мы бжьыгъэкІэ.

А лъэхъэнэм ящІэрыІуэ щІалэхэм 37-рэ дагъуэ кьыхуащІащ. І джэгум кьыхахауэ. Джэгуп1э губгъуэм нэхъ щыкьуейщІейхэр Санкт-Петербург и «Зенитым» ейхэрщ. Уеблэмэ ахэр езыр-езыру щыІэжьэуэжаи кьэхъуащ. Псори зэхэту «нищхьэрэ кьалащхьэм» и футболистхэм кІэ точкэ 96-рэ кьалэжьащ: 5-р - плъыжьу, 91-р - гъуэжьу.

Пенальти дыщрагъэуэнур дапщэщ?

Мыгъэрей зэхъэзэхуэм щыщу кьэнэжар и Іыхьэ щанэраш, арщхьэкІэ ди командэр пенальти суэну иджыри къэс Іэмал зэи кьратакъым. Апхуэдэу премьер-лигэм хэтыжьыр «Спартак-Налшыкым» и закъуэщ.

АР СУДБЭЛЮР кьыдэзрытхущытым и щыхьэщІ - ахэр кьыддэІэпыкъун дэнэ кьэна, пенальтир зэрыщыІар нэрылъагъу дыдэми, зыри кьэмыхъуауэ кьэрытлъагъуэ. Абыкіэ щапхъэщ нужьу ЦСКА-м щыдэджэгуар. Нэхъ мащІэ дыдэу тІэунейрэ ди щІалэхэр ираугъат, метр 11-м деж щыту я гуГуэ еуэри я жьыгъэ зезыхьэ щІадзэри. Арщхьэкіэ... а зэІущІэм ар кьызэрыщыжьыхуар гурыІуэгъуэт: ЦСКА-м и гъуэм мы гъэм пенальти зыри ирагъауэркъым.

ЗэрызытрамыгъэкІуар я тэмакъым тенай

Къэралым и чемпион ЦСКА-р Налшык кьэкІуат, Іэмал имыІэу очкощ зыІэригъэхьэну и мураду. Арщхьэкіэ ди щІалэхэр абы зыкІи кьышІыкІуэтакъым икІи зытрагъэкІуакъым. Уеблэмэ, хагъэщІэным зымащІэ дыдэщ иІэжар.

ДЖЭУМ кьрикІуамкІэ мыарзэы Газзаев

● Дерсхэр

ХЬЭФЫЩІЭ Мусэбий: "Уи адэ гъуэгужьрэ уи благъэжьрэ умыбгынэ"

450

Сыэрысабийрэ сфІэфщ нэхъыжьхэм ягъэхъыбархэм сыщІэдэІуныр. Апхуэдэ хъыбархэм, пхъэдакъэжь мафІэу, гур ягъэкуабэ. Псом хуэмыдэу си щІасэщ куэд зи нэгу щІэкІа, пщІэрэ щхьэрэ зиІэу къэгъуэгурыкІуа тхьэмадэхэм сабгъэдэсыныр, садэуэршэныр. Сыт щхьэкІэ? НэхъыжьыфІхэм яІуатэхэм дерс щхьэпэхэр зэрахэлыр мызэ-мытІэу згъэунэхуащ.

Ар нэхъри кууу щы-зыхэсщІащ иджыблагъэ сызэпсэльыпІа тхьэмадэм и деж. Зи гугъу сщІыр зеиныуэдэс, мы жылагъуэми нэгуэущІ щыпІэхэми фІыуэ кьыщацІыхьу, зи ягурыуагъкІэ, ІущагъкІэ цІэрыІуэ, «къэзыкІухь щІэнгъуаз» зыхужаІэ Хьэфыщ Мусэбий.

Ар ину ягъэпІейтей ди зэманым и къэхъуГъэ куэдым, унафащІ Іэджэм я Іуэху зехьэкІэм, цІыхубэ информацэм и лэжьакІуэхэм «яІэщІэкІ» щыуагъэхэм, зрихьэлІа нэмысыншагъэхэм. Щапхъэ Іущщхэмкі Іуэ гурыІуэгъуэ сщещІ «Адыгэ псалъэ» газетым кьытехуэ тхы-гъэхэрэ набдзэгубдзапІэу зэрыщІнджыкІыныр, тхыдэм пыщІа къэхъугъэхэм ящыщ куэдым фы дыдэу зэрыщыгъуаз эр, зыщыгсэу жылагъуэм и кьекІуэкІыкІам тепсэльыхьынуи зэрыфІэфщІ.

Іуэхугъуэ Іэджэм «я щхьэфэ дІэбащ» а махуэм - а псори ІуэтэжыгъуэщІ. Абы кьыхэкІыу зыкьомкІэ згъэкІэщІауэ щІэджыкІа-кІуэхэм фи пащхьэ ныдолъхьэж Мусэбий сыэреупщІахэмрэ жуаІэу щхьэнтыжахэмрэ.

Хьэфыщ Мусэбий.

Къаплъэн-Джэрий къыщыщІар

Кьэнжал Іуащхьэ.

- Мусэбий, сэ кьызэрызгурыІуакІэ, гурыхь пщыхьэщ «Адыгэ псалъэм» и журналист Шал Мухьэмэдиз гъэкІыгъэ, «Кьэнжал и цыгуи» зыфІищар. адыгэхэм кьрым хьаным и дзэщхэр зэрызэтрауклам теухуар. Мы къэхъугъэр щыпІэ щхьэхуэхэм зэхуэмыдэу зэрыщІауатэм арэзы утехьэрэ?

- Сэ арэзы сызытемыхъуэр Кьэнжал и щыгум илъэс 299-кІэ уэзІэбэкІыжмэ щекІуэкІа зауэм щІэныгъэлІкэри, тхакІуэхэри, журналистхэри щІэх-щІэхыуэрэ эзрытемыпсэльыхьыщ. Шал Мухьэмэди гу зэрыльитащи, адыгэ шу миниблыр кьрымыщэ абрагъуэм (шу мин 50 хуэдиз хьум) зэрытекІуар щапхъэ гъуэзэджэщ. А текІуэныгъэ инымкІэ ди льэпкъэгъуэр Урысейм зэрыдэІэпыкъуэрри кьэпльапхъэщ. Дауи, фІы-щІэ жыг хухэсапхъэщ а зэманым пщы уэлІийуэ щыта ХьэтІохьэущокьуэ Кургъуокьуэ.

Хъыбар Іэджэ яІуатэрт дяпэ ита ліыжьхэм. Абыхэм жаІэу мызэ-мытІэу зэрыІэзэхэмкІэ, 1708 гъэм Кырым хьан Кьаплъэн-Джэрий, кьаруушхуэ дыдэ зэщІигъэІуэщ, Кьэрэшей льэныкъуэкІэ кьыхэпрыкІри, Кьэнжал щыгур хэщІапІэ ищІат. Абы ткІийуэ кьиГъэуэ зи ныбжьыр илъэс 16-м фІэмыкІ пщащэ, щІалэ 300 хуэдиз иратын хуейуэ. Кьэрэдгэйр абы икьуакІэ игъэгупсысащ. А ІуэхумкІэ жэуапльуэ щытар пщы уэлІий ХьэтІохьэущокьуэ Кургъуокьуэ зт. Кырым хьаныр зыгу эрурэ кьигъэдэІуэну и мураду , ар зыщІэс шэтырым бгъэдыхьэри, и шым кьепсыхащ, и пыІэр зыщхьэрихащ, и щхьэр хьаным хуигъэхьэри, «дызэгурыгъуэу нэгъэщІ мылькуІэ, ди щІэблэр кьыгъэгъэнэжи - ельэІуащ. Кьаплъэн-Джэрий и тутын сахуэр Кургъуокьуэ и щхьэ пцІанэм кьыщІтрикІутэм, пщы уэлІийм, мафІэ хьуаскІэхэм кьалыпщІами, и напщІэр хуэдакъым, кьэдэыхауэ фэ зыгтригъэуакьым. ЗыкъмІэтыжщ, «ДгъЭЭэщІэнщ кьалэн кьытхуэпщІар» жиІэри, кьигъэзэжащ.

Адэкіэ кьэхъуам фІыуэ щыгъуаэзщ щІэныгъэлІхэр. Кургъуокьуэ кьигупсысащ бийхэм эзратеуэну Іэмал телыв-ваш: «Е сигъэкІыж, е ХьэтІохьэущыкьуэ блэкІыпІ, - жиІэри. Бэчмырэз гупсысщ-гупсысэри, щІалэ щІыкІур игъэжьуащ Бахьсэн Ипщэм дэса Урысбийхэ. Абы щыІэу, бкэн гуартэ иныр игъэхьуну пщэрыльэ кьыщащІащ. А кьалэным пэльэщІ ху эдэт. Ауэ махуэ гуэрым, борэныжьым зыкьиІэтри, бжэнхэр гуп-гупурэ фІыгъэбгрыкащ, зыгуэрэхри бгым щыхуащ.

Балькъэр лІыжь гуэр а щыпІэмкІэ бгэкІыпри, гузэвэгъуэм хэхуа щІалэ щы-кІум гу кьыльтэри, кьыдоІэпыкъу, бжэнхэр зэхуахусыжри, бгъэнщІагъэкь гуэрым щІагъэхьэ. МафІэ хуещІри, лІыжьым щІыбжьыщІэр егъэхуэбэж. ХьэтІэхъущыкьуэ кьэгумэщІауэ, зэрыгугъ щилъагъуакІэ, тхьэмадэ гущІэгъуэлир абы йодэхащІэ, мыпхуэдэ дуи жреІэ: «Умылэмэ, лІы ухьунщ». ИтІанэ кьоунщ: «Хэтхэ уарей?» ЩІалэ цІыкІум ибзыщІыркъым ХьэтІохьэущокьуэ Къэсей зэрикьуэр, абы и кьуэш Бэчмырзэ Урысбийхэ кьэпсэльыхьри, бжэнхэр зэрыльажьэр. Ар гъэщІэгъуэн щыхъуащ лІыжьым. Мыгуэвэи хэІущІыІу кьэхъуащ ХьэтІохьэущыкьуэ зыхэхуэ бэлыхьхэр. Куэдым ауан зэхэзращІыр, цІыхугъэшІэу кьыззэралыытэр зыхещІэри, Бэчмырэз зрешэлІэж и кьуэшым и кьуэр. Ауэ, нэхъапэрэм хуэ эдэу, зэкъу эщитІым я бынхэр зэхэзагъэркъым - зэрофащІ, зоныкьэукъу, зэрогъэпуд. ИкІэм-икІэжьым, и судыр ящІэри, Кьэсей и кьуэ ХьэтІо хъущкъ уэ Сыбыр ягъакІуэ. «Уи кІуэдыр си кІуэщ» - жеІэри, абы гъусэ хуохьу Кьэунхэ я щІалэ гуэр. Ар кьыдоІэпыкьу, Урысей пащІэхьыбл х уотхьэусыхэри, ХьэтІохьэущыкьуэ хуит кьащІыж...

ХьэтІохьэущокьуэ ХьэтІэхьэущыкьуэ.

ХьэтІохьэущыкьуэ мурад ещІ и адэ кьу эшым кхьыбгъэдэкІыну. Бэчмырэз кьыжреІэ мыпхуэдэу (гъусэ кьыхуэмыхьынІакІэ гугъэу): «Уэыхуейхэр, кхьпхуейхэр эзшалІи, льапсэ ухуэ». ШІалэщІэм кьыкьуоувэ Іэпщэхэ, Шурдымхэ, Джэдгъэфхэ, БжьыкьэлІхэ, Хьэщэхэ (Урыс хэ), Щауэ я, нэгъу эщІэрри.

ХьэтІохьэущыкьуэ ХьэтІэхьэущыкьуэ. Іуфрэм щегъэтІыльэ кьуажэщІэм и льабжьэр, Аращ Зеикьуэ кьежьапІэ хуэхъуар.

Къамботрэ Бичэрэ

Пщащэр яхь.
СурэтырЗичи М.А. ящІащ. 1853 гъэ

- Фи льэпкъым, унагъуэм я кьежьапІэхэм дышыгъэгъу ззэт.

- Іуэхум и пэр умыщІэмэ, зэрыжаІэщи, и кІэри гурыІуэгъуэ пщыхьэркъым. КьыщыщІэздэзэщ мы хьыбарыр нэхъ жыжьэІуэ - Щоджэн Кьамбот ТІырэ и кьуэм фыз кьыззэриШам. Ар зэрыкьуар мыпхуэдэущ. Кьамботыр Кьущхьэхъуэм щыІэт. А щыпІэм пэгъунэгъуэ кьыщыст Кьэрей ужатІуэ зыбжанэ. Абыхэм ящыщ зым джэгу зэращІар щызэхихьам, Кьамбот абы кІуэри, кьыщыфащ, пшынауэ Іэзэ Бичэ епсэльылащ, зэуи игу ирихьащ. Хьыджэбзыр ишэну зи мурад щІалэ щыІэт - абы ирата пІальэр махуэ зыгІуэ дэкІэ иухыпт. Кьамбот и лІы-гъэр кьэритхэжащ, бзаджэгъэ зэхихьэ, Бичэ щыпІэм дэсу кьихьри кьэкІуэну.

Зы тхъэмахуэ докІри, къэрэшей шу плІыщІ КьущхьэхъумкІэ кьоокІуэ, Бичэ яхьыжьину я мураду. Іуэжур эштепкІ кьыщащІэм, «Уэлахьи, дунейм ящІэ-лъагъунмэ» - жаІэри, Щоджэн Кьамботыр зыщщепсэу кьуажэмкІэ кьаунэтІ. Махуэ пскІэ кьакІуэри, мыбы кьэсащ хьэчэ-хьэпсэу , дыгъэ кІухьэгъуэ э хуэ а-уэ. Кьосри, щІоупщІэ: «Дэнэ щыІэ Кьамбот?» ЖраІэ: «Шы кьуанкэрэ егъэпскІри, Бахьсэн Іуфэ Іутщ». Пыр Кьамбот и шы нэхъыфІыр бом кьыщІишащ, абы тетІысхьэри, и кьуэм и деж кІуащ, бгъэдыхьэри, екъуржэ ящщ: «Уэ, ху эмыхуу, мыбдежьм ушытурэ, Бичэр зейхэм уфІахьыжьинущ. КьэкІуауэ кьыппопльэ».

ХьэщІэхэм ящыщ гуэрым, льэныкъуэкІэ пльэ урэ, жеІэ: «Шу гуэр кьытхуокІуэ, и сэщхуэм и бзийр адэ-мыдэкІэ идзу». ЗэщІощымэ пщІантІэм щепсыхахэр. Ахэр нэхъри кьоуІэбжь, Іэнкун кьохьу, Кьамбот гьунэгъу кьыззэрыхъуу, абы и тепльэ уардэр кьызэралъагъуу...

А пщыхьэщхэм, зэжраІэшхуэ щымыІэу, хьэщІэкэмрэ згъэрейхэмрэ заулкІэ зэпэщІэтащ. Замыгъэгувэуи кьэпхьэрахэр я гъуэгуанэм теувэжащ, Бичэ кьаГъанэрэн. Хьыбарым кІэщІ зезгъэщІынщ, сІуэтэнкъым Кьамбот и кІуэдыкІар, Социалист Лъжьыгъэм и ЛІыхъужь Щоджэн ТІэлашэ и адэшхуэр дунейм кьыззэрытехьар, нэгъуэщІ гуэркъэрн. КьыхъэгъэщІапхъэу кьэслытэр мыращ: Кьамботрэ Бичэрэ япхъут си анэ етІуанэр. Абы и цІэр Истамбылхьант, дз дыдзредж бг Дисэт. Щоджэнхэ я пхъурылхут революционер щэрыІуэ Кьатхъэн Назири, зэман-зэманкІэ лъагъунлъагъ у кьытхуэкІуэрт. Іэджэм тепсэ лъыхьырт , ежьжьыну емыпІэщІэхьи. «А, Назир, уешхати, у ефати, тІысэ, щхьэ ущыс, уемыжьжрэ?» - еупщІырт абы Дисэ, щІэупщІащхуэ эпІэ и хьэщІэр эзригъэгувэм, абы гукъанэ кьыхуащынкІэ зэрыхъунум тегуэвэныхьу. Й анэ шыпхъым и псалъэ зэхимыхам ярейуэ, и пащІэкІэ щІэгуфІыкІыу щыст Назири. ИтІанэ, макъ щабэкІэ кьеупщІырт: «Сэ щыпІэ Іэджэм кьыщэокІуэ. Щыгъын езгъэщынумэ, щапхъэ страх. Уэ щхьэ стумыкрэ?». «НэкІэ птесхакІэщ, - хьэзырт мыдрейм и жэуапри. - КьэгъэтІыльэ кьызыхэсщІыкІынур...».

Дисэрэ Дэвейрэ бынищ эздагъу этат. ШІалэ щІыкІур сабийгъэ ІлащІ. Абы и уажьІ-х

Малъхъэдис

ЗЫГЪЭПСЭХУГЪУЭ МАХУЭМ

Хэкужьым щыкIуа махуэхэр

●Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

Хамэ кьэрал щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я бынхэр нужьрей ильэсхэм Налшык зыгъэпсэхуакIуэ кьыдэрыкIуэм димыгъэгуфIэу кьынэркъым. Ди кьалащхьэм и сабий зыгъэпсэхупIэ нэхъыфIхэм тхъэмахуэ ауэрэ кьраугъблагъэ хэмэс гъащIэр зи натIэ хьуа ди лъэпкъэгъуэхэм я щIэблэр. Мы гъэм «Іуащхьэмаху э» санаторэм щохъэщIэ Тырымрэ Иорданиемрэ кьикIа гупхэр.

Адэжь лъахэм кьыщеувэхам зыхуэдгъазэу хамэ кьэрал щиIэ псэукIэмрэ абы адыгэхэм я Іуэху зэрыщыдэкIымрэ ззэдгъэщIэныр хабзэ тхуэхъуати, «Іуащхьэмахуэ» щыIэ хьэщIэхэмк депсэлъащ, тхъэмахуэ кьраугъуэрэ кьраугъблагъэ хэмэс гъащIэр зи натIэ хьуа ди лъэпкъэгъуэхэм я щIэблэр. Мы гъэм «Іуащхьэмаху э» санаторэм щохъэщIэ Тырымрэ Иорданиемрэ кьикIа гупхэр.

Адэжь лъахэм кьыщеувэхам зыхуэдгъазэу хамэ кьэрал щиIэ псэукIэмрэ абы адыгэхэм я Іуэху зэрыщыдэкIымрэ ззэдгъэщIэныр хабзэ тхуэхъуати, «Іуащхьэмахуэ» щыIэ хьэщIэхэмк депсэлъащ, тхъэмахуэ кьраугъблагъэ хэмэс гъащIэр зи натIэ хьуа ди лъэпкъэгъуэхэм я щIэблэр. Мы гъэм «Іуащхьэмаху э» санаторэм щохъэщIэ Тырымрэ Иорданиемрэ кьикIа гупхэр.

Адэжь лъахэм кьыщеувэхам зыхуэдгъазэу хамэ кьэрал щиIэ псэукIэмрэ абы адыгэхэм я Іуэху зэрыщыдэкIымрэ ззэдгъэщIэныр хабзэ тхуэхъуати, «Іуащхьэмахуэ» щыIэ хьэщIэхэмк депсэлъащ, тхъэмахуэ кьраугъблагъэ хэмэс гъащIэр зи натIэ хьуа ди лъэпкъэгъуэхэм я щIэблэр. Мы гъэм «Іуащхьэмаху э» санаторэм щохъэщIэ Тырымрэ Иорданиемрэ кьикIа гупхэр.

Адэжь лъахэм кьыщеувэхам зыхуэдгъазэу хамэ кьэрал щиIэ псэукIэмрэ абы адыгэхэм я Іуэху зэрыщыдэкIымрэ ззэдгъэщIэныр хабзэ тхуэхъуати, «Іуащхьэмахуэ» щыIэ хьэщIэхэмк депсэлъащ, тхъэмахуэ кьраугъблагъэ хэмэс гъащIэр зи натIэ хьуа ди лъэпкъэгъуэхэм я щIэблэр. Мы гъэм «Іуащхьэмаху э» санаторэм щохъэщIэ Тырымрэ Иорданиемрэ кьикIа гупхэр.

САНАТОРЭМ и пщIантIэм дыз эрыдыхьэу кьэтлъэтыкIа нэжэгужэу ззэдэуэршэр, Аман дэт Адыгэ Фыщ1э Хасэм и дамыгъэхэр зытегъэуа пыIэ, футболкэ цыкIухэр зыщыгъ ныбжьыщIэхэр. Абыхэм ящыгъуэт ди щыпIэр езыгъэщыхьу, зыхуэ эныкъу эхэмкIэ ядэIэпыкIуу Молэ Уэсфи (ильэс зыбжанэ хьуауэ Налшык къэIэпхъуэ жауэ щопсэу). Гупым я гъусэ балигъхэм дахуигъэззну дыщельэIуэм, Уэсфи дигъэщIэ хъуакъым. **Сабанды Уэджыкъэрэ Гуп1э Аршэфрэ** мы гъэм Иорданием кьикIа гупыр зи нэIэ щIэтыр. Уэджихьэ нэгъаби ныбжьыщIэ гуп кьишэри щыIати, мы гъэм абы и гъусэу кьэкIуа, Адыгэ Фыщ1э Хасэм и тхьэмадэм и кьуэдзэ Аршэф дигъэщIыхуащ.

- Хэкурысхэм зыхамыщIэфын гурыщIэ ямылейщ абы- хэм нэгъабэ зэдэхьар, - жеIэ Уэджихьэ, гъэмахуэ блэкIам цыкIухэм хэкум щальэгъуар кьаззрыщыхьуам, кIуэжа нэжь зэрая уэтэжа щыкIэхэм дащытепсэлъыхьым. - Абыхэм я щыкIуэр жьмылейщ. Ар ядэ-анэхэмрэ ныбжьэгъуэмрэ зыкIэ дахэу хуаIуэтэжырт Хэжужьым и хъыбари, траха сурэтхэми ущеплъыкъин щымыIэу кьыпщыхьурт. Хьрбжьу ягу ирихьащ Кьэбэрдейр ди щIэблэм. Дауи унгу иримыкьынрэ, ижь-ижьыж льандэрэ жэнэт щыналъэу кьытхуаIуатэ Налшык и щыпIэ дахэ кьомыр. А цыкIухэм жалэжа-хэр зэхэзыха куэд кьэкIуэну ехьуэпсащ, куэрт школыр кьаухмэ еджэну, адэкIэ, кьайхъуIкIымэ, щыпсэуну мурад ящIащ.

Иорданием щыIэ Адыгэ Фыщ1э Хасэм иригъэкIуэкI псапэ зыпльъ Іуэхухэм ящыщщ Уэджихьэрэ Аршэфрэ 2007 гъэм къаша щыху 18-м пщIэ зэрамытар. Абыхэм ящыщу 9-р унагъуэ хуэмыщIахэм, бынунагъуэшхуэхэм кьахэмIахэрщ.

- Зыми гъуэгум техуэ уасэр итакъым, - дыщетъэгъуазэ ГутIэ Аршэф, - ар и пщэ дильхьэжащ ди хасэм. Абы и зы кьудамэр зытелажьэр Иорданием ис адыгэ унагъуэ хуэмыщIах эм ядэIэпыкIуу нырщ, шхынкIэ защIэгъэкъуэнырщ, еджапIэм щIэс сабийхэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ кьызэгъэпэщынырщ. Апхуэдэу иджыпсту ди нэIэ щIэтщ унагъуэ 240-рэ. Абыхэм ящыщу жэрдэм зиIэ цыкIуи 9 кьыздэтщащ.

Уэджихьэрэ Аршэфрэ кьыджалащ Адыгэ Фыщ1э Хасэм лэжьыгъэшхуэ зэрыригъэкIуэкIыр. Псом хуэмыдэу гупэ тщыхъуащ ди деж махуэ кьэс зэрыщримыкъэзIэ Іуэхур: мылъку зыбгъэдэль дэтхэнэ-зи хуэзэфIэкIым хуэдиз ахьшэ хасэм и фондым хелъхьэ, абыкIэ къэралым ис адыгэ нэхъ кьулейсызхэм ядоIэпыкIу. КьищынэмыщIауэ, хасэм Іуэху куэд кьыщызэрагъэпэщ бзэм, щэнхабзэм, спортым, мыхьэнэ зиIэ нэгъуэщI Іуэхугъуэхэм зегъэужьыныкIэ. «Нарт», «Зэкъуэшныгъэ» журналэр адыгэхэм папщIэ кьыдегъэкI хасэм. Апхуэдэу адыгэбзэр тхъэмахуэм тIэу щрагъэдж курсэр яIэщ (жьыи щIэн кьекIуалIэу), пщыхьщэхэкIэрэ хасэм и пщIантIэм щызэхуэсурэ я Іуэху зыIут зэраIуэтыпIэ, я гупсысэхэмкIэ щызэдогуашэ, джэгу дахэ щызэхашэ. А пшьыхьэм адыгэ щIалэхэмрэ пщащэхэмрэ зэрыщызэрыфIыхур, зэрыщызэдэгушIэр, иужькIэ адыгэ унагъуэ зэраухуэр сэбэныныгъыхуэу кьелъытэ Уэджихьэ.

Шыкьымхэ, Мыщкъуэжьхэ, КIущхэ, Сэбаншыхэ, Бгъанэхэ, Цейхэ, Вэрокъуэхэ, Лыбзухэ ящыщ ныбжьыщIэхэм адыгэбзэр шэрыуэу ящIэркъым, ауэ мащIэу кьагуроIуэ. Дэтхэнэми кьызыхэкIа лъэпкъым щыщ унэтIэ хэкум щрихьэлъхьэлIэныр и хьуэпсапIэти, я Іыхьлыхэри кьагъуэтыжащ, уеблэмэ ящэу ягъэхьэщIакэри яхэтщ.

ИОРДАНИЕМ кьикIам эм нэмыщI, Тыркум щыщ цыкIухэми зыщщагъэпсэху «Іуащхьэмахуэ» санаторэм. Гъунэгъу лагерым хьэщIапIэ кIуэну зызыгъэхьэзыра ныбжьыщIэ нэжэгужэхэм дащыхьыхьэм, я гупэзу сурэтхэр зытрагъэхащ, абыхэм я пашэ Кьаръэшыкъу Илкайр» Зенкъуэ кьуэжэм щыщу гупым ящыгъуу Табыщ Муратрэ депсэлъащ.

НыбжьыщIэ 11 кьишэри мы гъэм япэу хэкум кьэкIуауэ ираащ Илкай. Хэкурыс дэтхэнэми пеуэфыну аиздэльхуфIэр зэрригъэшэрыуэр гуапэ тщымыхъ уу кьэнакьым. Тыркум кьикIа цыкIухэм я нэгу зрагъэужьныкIэ, республикэм и щIалэхэр зрагъэщIэжхунымкIэ дэIэпыкъуэгъу яхуэхъу, Гуманитар кьэхуэтныгъэхэмкIэ Кьэбэрдей-Балъкъэр институтым и лэжьакIуэ Табыщ Муратрэ Илкайрэ кьыддэгъэшащ адэжь щыналъэр щIыкIуэм кьаззрыщыхьумкIэ.

- Шэджэм псыкьелъэхэр, Гуэл ЩхьэантIэ хэр, Іащхьэмахуэ льапэ дыззрыщIа тхъэмахуэм щIигъум тлъэгъуа псори хуабжьу дигу ирихьащ сабийхэми сэри, - жеIэ Илкай. - Хэкум зэи сыщымыIами и хьыбар к уэдрэ зэхэсхат; ауэ си нэгу щIэкIыр я нэхъ хьыбар дахэми йофIэкI. Сэ Германием сыщыIати, схуэмыIуэтэщIу сыкъэкIуэжат абы щыIэ щхьэантIагъэмрэ жыгыщхьэ баринэхэмрэ. Иджы ар зыми щымыщу кьыдсигъэхуэщ Кьэбэрдейм. Мыпхуэдэ жыг щхьэантIэ зыбжанэ Кьайсэр дэтарэт жыслэу сохьуапсэ.

- Йлкай жыхуиIэхэмрэ сакIийхэм гу зыльытэ псомрэ тельыджэ зыщыхьу щыкIуэхэм сэ хэкужьым зэрыщыпэнкIэ срагъэпIэ, - кьыпещэ псалъэмакъым Табыщ Мурат. - Тхъэмахуэм щIигъауэ срагъуэсэщ мыбыхэмэ, махуэ кьэс гъэщIэгъуэн сщыхьу гуэр ящымольагъу: сабийхэр кьызэрымыкIуэу гъэсащ, ныжьыжь яльагъумэ, кьотэжк, я щыб хуагъаззркъым; адыгэбзэ тIэкIу ящIэр Іэмал зэриIэкIэ кьаугъуеижр, абы зэрырипсэльэныи иужь иту апхуэдэхэщ.

Табыщыр Анкара кIуэуэ адыгэбзэкIэ езыгъэджэнухэм мазэкIэ курс щадгъэкIуэкIам щыгъуэ цыкухэ кьыхуэхъуащ Илкай. Ныщыкьуа унагъуэм щызекIуэ адыгэбзэр, кьищынэмыщIауэ Мурат зыхуригъэджакъэр хуабжьу сэбэн кьызэрыхуэхьур жиIащ абы. Курсыр ауэ нэужь, зы гупым адыгэбзэ иригъэщIащ Илкай. Зэман кIэщIым кьриубыдэу зы пщащэм и гуащIэкIэ цыкуи 10 адыгэбзэкIэ псэльэф, еджэф зэрыхьуар дыщэ пэльытэу кьыщыхьуащ Мурати. Адрей и еджакIуэу щытакэмри щхьэж и кьалэ, кьуажэ я гъъзэжауэ я хасэхэм зэрыщрагъаджэм и хьыбархэр кьыщыжрагъэкIэ и гур хохьуэ.

Тырк умрэ Иорданиемрэ кьикIахэр, ди республикэм щыщу санаторэм зыщызыгъэпсэхуухэр ныбжьэгъу зэхуэхьуахэщ, я сабиигъуэм Іэфlу кьыхэнэн пIалъэ кьыздэгъэщIащ. Иджыри апхуэдэущ зэрыкьунур: ауэ льабийхэр - Къэбэрдейр - я псэм щыщ Іыхьэ хьуауэ кIуэжьнурэ, гъэ къэс кьызэрагъэзэжьынымк ху эпабгъэу, Налшык щыпсэуну я хьуэпсапIэу екIуэкIынущ. А хьуэпсапIэр а цыкIуэхэм кьайхьулIэну ди гуапэщ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.
Сурэтхэр
КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

Иорданием кьикIа гупыр.

● Жьыгъуэкэр

Удэ пIигрэ нэмэдыр суздэгуф

♦Зыкъунэхуфатэмэ, дадэ къэфэнут.
♦Кьыщ щымрэ хасэ псалъэншэрэ щыIэкъым.
♦Лъагъунигъэм блэкI ищIэркъым.
♦Мывэр быдэми, хъуаскIэ кьует.
♦Насып къэбгъуэтыныр нэхъ тыншщ, ар пхъумэн нэхъ.
♦Нэм кьыфIэщIам Іуэху тумыщIыхь.
♦Ныбжьым уепсалъэкIэ уэхэщIыкIын?
♦ПщIыхьэпIэм хэтмэ, щIыхурн мэлъатэ.
♦Сабиим щыщIыкIум унгъэжейркъым, ар ин хъуа нэужь, уэ езыр ужейркъым.
♦Санэхуафэ ираджати, и татуугъуэ кьыфIэщIыжащ.
♦СынасыпыфIэщ жыпIэу, уи щхьэр умыIэт, сынасыпынпэщ жыпIэун, уи гур хьумыгъэщI.
♦Сыт хуэдизрэ умыгупсысами, шыгъу-пIастэм пэпщIын къыпхуэгупсысынукъым.

КIУАНТIЭ Іэзид.

●ФщIэуэ пIэрэ?

Сочи

ДИ КЪЭРАЛЫМ и цыхуэр зыщщигуфIыкIа хьыбар гуапэщ 2014 гъэм ирагъэкIуэкIыну Щымахуэ Олимп Джэгуэхэр щызэхэтыну Сочи кьалэр кьызэрыхахар. ФыщIэ худощI абы и лъэныкъуэкIэ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Дунейпсо Олимп Комитетым екIуу кьызэрыщыпсэльамкIэ. Псом хуэмыдэу а Іуэхум щыгуфIыкIащ абхьаз-адыгэ бзэ гупым хьихьэ лъэпкъэр.

Сочи. Макъ зэщIэжьыуэу зэкат, тыншу унгу ибубыдэ а псалъэ кIэщIыр яэыныкъуэ щIэныгъэлIэм адыгэхэм, адрейхэм абазэхэм ящыщу кьаатыпэ зыбыхэм я бзэм кьыхэкIащ.

Иджы цыхуэ мелуан куэдым Сочи псалъэр яIурыгъащ. Ар щыхьэт тохъуэ езы псалъэр кьанэу, ар къэзыгъэщIа лъэпкъыр кьызджыныкIи зэрыхъунум.

Сыт-тIэ абы кьыкIыр кьызытехъукIа бзэмкIэ? Убых лъэпкъэм ящыщхэм еджэу щытащ Сашэ (Сачэ, Сочэ) псалъэкIэ. А фIэщыгъэщIэр иIэщ псыми.

Сочи и лъахэм, тхыдэтхэм зэрыжаIэмкIэ, «убых-хэм я щIынатIэм и гущхьэм» убыхыбзэм щыщ нэгъуэщI щIэхэми ящрокъэлIэ: Уарданэ, Бзыджьпс, Іоупс, нэгъуэщIхэми.

●Гушыпэ

Жьыбгъэм хуэдэу узолъагъу!

Лымрэ фызымрэ хадэ япщIэу хэтт. Лыр и фызым еупщIащ:

- Фыиуэ скъэплъагъуэрэ?
- Ауэ сытми услъагъурэ! - жиIащ фызым.
- Сыт хуэдэу сыкъызэрыплъагъур? - еупщIащ лыр арагъуэр.
- Жьыбгъэм хуэдэу узолъагъу! - жиIащ фызым, куэдрэ мыгупсысэу.
- Алыхьыр согъэпIащ, жьыбгъэм хуэдэу фIэкIа сыкъыуэмыпльагъуу, дакъикIэ уизгъэсмэ! - жиIэри, абы фIэкIа хэмылъу фызыр иригъэкIыжащ.

Хадэ пщIэгъуэр зэфIэкIри, мэкъуаугъэгъэ хъасащ. Лыр мэкъу еуэу здыхэтым, дыгъэр жьэрабжьу кьыщIхьэщыту, уэму бэуэгъуи имыгъуэту аргъынэр здрихьэкIым, жьыбгъэ мащIэ кьыкъуэури, гуапэу лым кьыжьэхэущ. Мэкъуаугъэр щигъэтри, жьыбгъэр нэхъуеинущэу зыжьэдишащ. И фызым жиIар игу кьэкIыкри, махуэр фIэкIыхьу мэкъу еуащ. Пщыхьэщхьэм кьызэрыдыхьэжу кIуэри и фызыр кьишэжащ.

●ЗэвгъэщIыху

Кьуэдрэ Іамрэ:

Лъхъжьыфl уиIэн щхьэ щIыпIэ сыт щыIэр?

Ди лъэпкъым кьыдагъэуэгурыкIуэ адыгэ хабзэм, нэмысым, макъамэ дахэхэм, кьафэ телъыджэхэм щIалэгъуалэр щыгъуэзэу ирикIуащхьэу щытын хуейщ. Иужьрей зэманым абыкIэ Іэмалрэ зэфIэкIыу нэхъыбэ диIэ хъуащ. ЩIэблэм я зэхэщIыкIым хагъэхъуэным хуэпажьэ хэкупсэхэм ящыщщ концерт кьыззгъэпэщакIуэ, зэIущIэ зэмылIэужьыгъуэ куэд езыгъэжIэкIуэ щIалэрэщIэ Къудей Аэмэт.

АБы и ныбжьыр илъэс тIощым зэрыщIигъуа щыIэкъым, юрист ІэщIагъэм хуэдиз, ауэ иджыпсту зыпэрыт лэжьыгъэри игу ироох.

Аэмэт и гъуэгур адыгэ гъуазджэм хуэзыиэнтIар артист щIрыIуэ Думэн Мурадинщ. Илъэс зыбжанэ и пэкIэ абыхэм зэдэлэжьэн щIадзащ, зэгъуэгу концертхэр кьызэрагъэпэщурэ, Думэным Аэмэт утыку кьриишащ.

Кьудеим и фIэщ мэхъу шоу-бизнесым адыгэ щэнхабзэр лъабжьэ хуэпщу абы щIалэгъуалэр зэрыдебгъэхьэхьфынур. «Иджырей-хэм я кIэщIхэуэ адыгэ уэрэд куэд щыIэщ. Ахэр зэдалэрэ урысыбзэ, инджылызыбзэ, франджыбзэ, нэгъуэщIбзэхэмкIэ ятха уэрэдхэращ. Ди щIалэгъуалэр дэзыхьэхын адыгэ уэрэдэхэр пхуэузынущ, тхьини хуейщ. Псалъэм папщIэ, «Амиэ» гупым ихъэщIэ «Сэтэней» уэрэдыр куэдым ягу ирохь», - жеIэ Аэзмэт.

Цыхуэхэм я гум кьинэжауэ Къуэдеим кьызэригъэпэща концертхэм ящыщу «Кавказ Ищхьэрэм и вагъуэхэр», «Лъагъунигъэм и макъамэр», «НэхъыфI псори - сабийхэм» жыхуиIэхэр. Абыхэм хэтащ Кавказ Ищхьэрэм и артист щIрыIуэхэр. А щIалэм хуэфIэкIащ я зэчийр ягъэпъэгъэныр зи хьуэпсапIэ ныбжьыщIэ куэд утыку кьришэн.

Адыгэ хабзэм, нэмысым щIапIыкIа щIалэм, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ноби куэдым ядумыIагъэр хьэпIыфI зэпIащ; сыт хуэдэ Іуэху кьриимыхьэжьэми, ягу абы щыIэхуигъаззр нэхъыжьхэрщ. «Нэхъыжьыфl уиIэн нэхъ насып сыт щыIэ?!» - жеIэ Къудей Аэзмэт ирипи абы кьетъэпIагъуэ а щIалэр куэдым зэрыпIэлэсыфынур.

ЖЫРЫКЪ Руэанэ.
Сурэтыр
КЪАРЕЙ Элинэ *трихащ.*

●Нэщэнэхэр

МафIэр къэпIэнкIмэ...

❖ Мазэм куэдрэ уеплъыну фIыкъым.
❖Мастэм Іуданэ фIэпIу зэIэпахкъым.
❖ МафIэр къэпIэнкIмэ, зыгуэр пэрадзэрт.
❖ Махуэм уи щхьэукъуэн кьакIуэмэ, уэлбанэ хъунущ.
❖ Мэл яуклам и щхьэлъэныкъуэ ижьыр унэм ирахтэкъым.
❖ Нартыху плъыжь дыхэпсэмэ, гъавэр бзэ мэхъу.

●Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Лым бжьын щIэлту

Лыр Іыхьэ-Іыхьэ щыкIуу зэпаутщI. Ар пшэру щытмэ, дагъэ ухуейкъым. Ущымэ, щIэб дз хъунущ тхъу гъэвэжа е кIапэ щагъэ. Ар жьа нэужь, абы хальхьэ ину упщIэта бжьын куэд, шыбжий тIэкIуи хакIутэж. А псори мафIэ мыгуащIэм тету, пIалъэкIэрэ зэрагъэздзжьыуэрэ, ягъажьэ. Шыныгъуэр пщтыру Іэнэм трагъэувэ пIастэ, мырамысэ, щIакхъуэ, мэ жаджэ щыIгъуу.

«Адыгэ шхынхэр» тхылым кьитхыжащ.

ЕкъуэкIыу: 1. Урысей Федерацэм и щIыхуб артистхэ, пшынауэ Іэзэу щыта. 6. Япэу Социалист Лжьыгъэм и Лыхъужь хъуа адыгэлIхэм ящыщ. 7. Мусылымэн еджапIэм (мыдрисэм) щезыгъаджэ. 11.Щоджэнщыкlу Алий и цIэр зезыхъэ Адыгэ къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэ, куржы-абхъаз заузм «Леон» и орденыр зрата. 12. УФ-ми КъБР-ми гъуэздджэмкIэ щIыхь зиIэ я лжьакIуэ, тхакIуэ, драматург, щIэныгъэлI, фольклорист цIэрыIуэу щыта. 14. Къуалбзэухэм, джэдкъазым яхуэлъэ бгъэ лъэпкъ. 16. Акъсырэ Залымхан и «Андемыркан» пьесэм хэт лIыхъужь. 18. Зэныкъэкъунытъэ, зэдэуэныгъэ гуэрхэр зэрыгъэIатIэжкI щIыкIэ. 19. Адыгэ таурыхъ. 20. Дзэлыкъуэ куэйм щыIэ къуажэ. 24. Дунейм и зы щIыналъэщхуэ (континент). 26. Бзаджэ, щIэкIыпIэ зи куэд, Іэмалкlэ Іоуэ. 28. ... здэщымыIэм насып щыIэкъым. 30. КъБР-м и цIыхуб артисткэ, Щоджэнщыкlу Алий и цIэр зезыхъэ Адыгэ къэрал драмэ театрым и джэгуакIуэ. 31. Сыт щыгъуэ укIытэ зыхэль цIыху. 32. Тхыдэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ. 33. Тхъэрыкъуафэм ещхьу тхъэмпIэ пIащIэ къызыпыкIэудэ. 34. Адыгэш лъэпкъ.

Кьахуэ: 2. ЗыплъэкIэхэм я бынхэр зрагъэпIу щыта цIыху. 3. Урысей Федерацэм и цIыхуб артисткэ, зэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, профессор. 4. КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, уэрэдус цIэрыIуэ. 5. Адыгэ Іуэрыгуатэм и зы Іыхьэ; шыпсэ. 6. Джьлахъэтэн ихьу, и сосрыкъуэ и нысащIэ. 9. Дудар Хьэутий и пьесэ. 10. Къуажэ, хэку унафащIу адыгэхэм яIа. 13. Адыгэ уэрэдыжь. 15. Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артисткэ, уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ. 17. Куэзырыр зэригуэшш дамыгъапIлъм ящыщ зы. 18. Кьашыргъэ Хьэпащ1э и роман. 21. Кьамылым кьыхащIыкI хьэпщыщ. 22. Нарт дIыхъужь Батэрэз и адэ. 23. Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ куей. 25. Елгъэр Кашиф и тхылъ. 27. ЩIым зэрыхэту гъуа жыг. 28. Адыгэ цIыхуб уэрэд. 29. Ислъам диным и унэтIныныгъэ нэхъыщхьэтIым яз.

Зэхэзыльхьар
УЭРЫШ Нурхьэлийщ.

НапжкIуэцIыр зыгъэхъэзырар ЩХЬЭЩЭМЫЩIи Иэщ.

Псалъэзэблэдз

Шыщхьэ1ум и 4-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

Екъуэкlыу: 2. Мамкъут. 8. Лъэнтхъуий. 9. Фэндыр. 13. Дзэпщ. 14. Тхъэ. 15. Бий. 16. Бру. 17.Мыл. 18. Лэгъуп. 22. Дзыбэ.23. Псынабэ. 24. Яе. 25.ЦIэп. 27. Бел. 28. Тхъу. 31. ШкIэпIъ. 32.Дзэл. 33. Ерокъуэ. 36. Хьэ. 37. Пхъэ. 41. Нэд. 42.Шху. 43. Бжэмыщх. 44. Гупкlэ. 47. Сонэ. 48. Быж. 49. Кьыр. 50. Дзит1.51. ГущIэгъу. 55. Брул. 56. Хьуэпсэгъуэ. 57. Громыкэ. 59. Гъуаплъэ.

Кьахуэ: 1. Кумб.2. Мамсэ. 3. ТхъуэупIъ. 4. ДыщIэ. 5. Атэбий. 6. Адэмыгу. 7. Курыт. 10. Дзэлэфей. 11. Баринэ. 12. Іэмбатэ. 19. ПащIэкIапсэ. 20. Усэ.21. Гъубж. 22. Дзэлыкъуэдзэ. 26.Пынхэ. 27. Борэн. 29. Бдзы. 30. Блэ. 34. ХьэхъупащIэ. 35. Пшынауэ. 38. Ажэ.39. Хьумбылъэ. 40. Хьущэ. 45. Дыщасэ. 46. «Динамо». 52.Гъунэгъу. 53. Жагъуэгъу. 54. Дыркъуэ. 55. Бакъ. 58. Гъущ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКIЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жыласэ Маринэ, Ныбжьэ Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Шал Мухьэмэд.**



ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 5, еБгъуэн - ешIаIэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэныкъуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Іуэхущ1анIэхэм ядэлэжьэныкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ щысмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдэкIалъхуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1анIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцIэмрэ я Іуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэрыщ1ыхьыр.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щрыкIуэ жэуап екъ КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэхъазэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

КъБР-м щIихабзэмрэ хъыбарегъащIэ Іэнатlэхэмкlэ и министерством 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхъэ и полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и щIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэкIыуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, редактору ЖьэкIэмыхьу Маринэ, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.)*, **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.)*. ***Компьютеркlэ газетым и тепльэр ящIащ:*** **Дол Маринэ, Гъучlэдэ Рае, Щомахуэ Мариннэ,** *сурэтыщI* **Бицу Жаннэ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Іэнатlэм зыгъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Цыгъадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ●Тираж 10.037 ●Заказ №2397